

DWATE EDIKASYON PITIT KI DEPLASE OU VIN VAGABOND AKOZ DE DEZAS NATIREL

Kesyon ki Mande Souvan

Pwovizyon Edikasyon Ak Èd Vagabond McKinney-Vento

Ak Èd Vagabond McKinney-Vento a bay dwate sèten a pitit “vagabond” ou “deplase.” Lè yon dezaz natirel pase, anpil fanmi deplase. Lakay yo detwi ou yo pa gen yon kote pou travay. Yo kapab pedi lekòl yo. **Pitit ki deplase pa dezaz natirel tankou siklon, inondasyon, tònad, tranblemandetè, e dife mawon konsidere “vagabond” anba ak sa a.** Florida resevwa kob Federal anba ak sa a, e konsa chak distri lekòl dwe swiv lwa sa a. Men sa ou bezwen konnen konsenan pitit ou a nan lekòl...

Koman “vagabond” define pa ak la?

Nenpot pitit (Primè atrave 12) san yon **rezidans fikse, nòmal, ou ase nan nwit la** “vagabond” anba Ak Èd Vagabond McKinney-Vento a. Yo pitit ki pataje lakay lot moun paske yo te pedi lojman yo ou lot difikilte ekonomik. Yo viv nan motel, otel, tralè, ou tè kan paske pa gen yon kote pi bon pou rete (pa paske yo chwazi). Yo viv nanabri. Yo te kite a lopital. Y’ap retann plasman swen adoptif. Yo viv nan yon kote piblik ou privè kote yo pa sipoze (machin, pak, bilding vide, stasyon bis, etc.). Sa yo ki konnen kom “migran” kalifye si yo ap viv nan nenpot nan kondisyon liste sa yo. “Jen ki pa Akonpaye” kalifye osi. Sa se jen ki pa nan swen fizikal yon paran ou gadyen. Pitit ki deplase akòz de dezaz natirel tankou siklon, inondasyon, tònad, tranblemandetè, e dife mawon “vagabond” anba Ak la.

Pitit mwen a bezwen ale lekòl. Kote mwen komanse?

Si ou te bezwen move akòz de yon dezaz, ale lekòl ki pi pre kote ou ap rete. Mande pou anwòle pitit ou a. Si ou fe yo konnen ke ou deplase, yo dwe anwòle pitit ou a ak tout vites. Yo dwe pran swen bezwen lekòl pitit ou a.

Mwen te pedi tout rejis lekòl e sante pitit mwen a. Kijan yo kapab anwòle?

Si lekòl la konnen ke ou deplase yo dwe anwòle pitit ou a imidyetman. Di yo. Fok pitit ou a anwòle menm si ou te pedi rejis lekòl e rejis medikal yo. Si ou pa kapab pwouve kote ou viv kounyeya ou pwouve ke pitit ou a te resevwa vaksen nesèsè yo, yo toujou bezwen kite yo antre. Anplwaye lekòl yo dwe voye ou a Lyezon Vagabond pou ede ou rekouvri rejis yo e pran vaksen yo.

Kisa si lekol la pa’p anwole pitit mwen a?

Yo bezwen. Li byen senp. Si yo pa’p yo bezwen di non sou papye e di poukisa. Yo dwe ekri osi ke ou gen dwate pou korije (defi) desizyon yo. Yo dwe bay ou non e enfòmasyon kontak Lyezon Vagabond nan. Pi enpòtan, yo dwe anwole pitit ou a ak tout vites e founi transpòtasyon. Pitit ou a kapab rete nan lekol sa a jistan diskisyon nan fini.

Kisa se yon “Lyezon Vagabond” e kote mwen kapab jwenn yo?

Chak distri lekol dwe gen yon Lyezon Vagabond. Lyezon Vagabond nan anseye paran pitit deplase yo konsenan dwate yo. Yo fe sur ke pitit yo gen aksse a yon edikasyon gratis e apwopriye. Yo chèche rejis pedi yo. Yo jwen rezolisyon a diskisyon konsenan anwolman lekol. Se djòb yo pou ale e chèche tout pitit deplase yo nan distri lekol la e pran swen bezwen lekol yo. Si anlwaye lekol yo pa konnen kiyès ou kikote moun sa a ye, mande yo rele biwo konseyè lekol santral la e jwen enfòmasyon sa a.

Mwen pa gen yon machin. Kijan pitit mwen a kapab ale lekol?

Lyezon Vagabond nan aranje transpòtasyon pou pitit deplase yo kapab ale lekol. Sa kapab fet avek yon bis lekol oswa yon lot jan, tankou bis piblik, ou menm taksi. Kinenpot jan li fet, se djòb konseyè lekol la. Si yo di no, fok yo di ou non sou papye.

Lekol la ap di ke yo bezwen mete pitit mwen a nan yon klas spesyal ou lekol separe pou pitit deplase. Eske yo kapab fe sa?

Non. Pitit deplase yo pa kapab separe (mete apa) nan nenpot jan selman paske yo deplase.

Pitit mwen a gen yon IEP. Eske l’ap kontinye pou resevwa Sèvis Edikasyon Spesyal yo?

Pitit deplase dwe resevwa menm edikasyon avek lot pitit. Si pitit ou a te nan nenpot pwogram spesyal, yo dwe ankò. Sa enkli pwogram Edikasyon Spesyal e Manje Gratis. Lyezon Vagabond nan ap asire ke pitit ou a resevwa tout sèvis yo jan ki demande pa lot lwa. Yo ap chèche papye pedi e plan edikasyon pou pitit ou a kapab resevwa edikasyon endividyel ke yo bezwen nan.

Lekol la p’ap fe nenpot nan bagay sa yo. Kisa mwen dwe fe kounyeya?

Pi bon bagay pou fe si lekol la ou Lyezon Vagabond nan p’ap ede ou se kontakte biwo Èd Legal ki pi pre ou pou èd. Bagay sa yo demande pa lwa federal. Yon avoka Èd Legal kapab ede asire ke lekol yo fe djòb yo.

POU NIMEWO TELEFON LYEZON VAGABON KONSEYÈ LEKOL KONTE:

<https://app1.fldoe.org/flbpso/nclbchoice/bpsDirectory/directory.aspx>

Nan “Program Area,” chèche ba pou “Title X Homeless Contracts.” Nan “District Area,” chwazi distri.